



ANTI-AGRESYON

Li entèdi pou Komèt Zak Agresyon, Entimidasyon sibè, ak Vanjans

Prospect Hill Academy Charter School devouwe pou kenbe yon anviwònman nan lekòl la kote elèv yo lib kont zak agresyon, ki enkli entimidasyon sibè, efè konpòtman sa a, ak vanjans.

A. Definisyon.

Agresyon se yon konpòtman ke youn oswa plizye elèv toujou ap komèt sou yon lòt elèv, ki koze youn oswa plizye nan swivan an/yo:

- andomajman fizik oswa emosyonèl a elèv sijè a agresyon an oswa andomaje pwopriyete l;
- mete elèv ki sijè a agresyon an danje pou li blese oswa andomaje pwopriyete l;
- yon anviwonman ostil nan lekòl lan pou elèv ki sijè a agresyon an;
- vyolasyon dwa elèv ki sijè a agresyon an nan lekòl lan; oswa
- entèripsyon mateyèl oswa konsiderab a pwosedi edikasyonèl oswa operasyon disipline lekòl lan.

Jeneralman agresyon enkli toujou “takinen” yon elèv pandan yon tan epi sa ka enkli konpòtman kouwe bay kou ak bourade; bay yon elèv presyon pou li komèt yon zak li pa vle fè; pawòl menas, mokri, degrade, oubyen ensilte; kout zye, jes, oswa aksyon menasan; move kout lang; fo akizasyon; ak izolasyon sosyal.

Legalman, twa kritè ke administratè lekòl yo sèvi pou decide si yon zak an patikilyè se vreman yon zak agresyon se (1) zak lan repetitif; (2) zak lan fèt ak entansyon epi byen detèminen; epi (3) zak lan enplike yon diferans pouvwa ant moun k ap komèt agresyon an epi moun k ap resevwa agresyon an.

Agresyon sibè se agresyon atravè telefòn selilè, òdinatè oswa lòt teknoloji epi ki ka enkli konpòtman kouwè voye imèl, mesaj enstantane oswa teks ki menasan oswa mechan; kreye sit entènèt ki moke, jenan, oswa entimide lòt moun; epi afiche oswa voye foto lòt moun ki jenan.

Anviwonman Ostil se lè elèv ki sibè an vin telman enkyete l de agresyon an ke li paka patisipe ak konsantre nan etid li ak lòt aktivite nan lekòl lan.

Vanjans enplike ke yon elèv “fè yon lòt elèv peye” poutèt li panse ke elèv lan te rapote agresyon an oswa te bay nfòmasyon konsenan agresyon an bay yon granmoun oswa lòt moun ki ka ede elèv ki sije a agresyon an.



B. Li Entèdi pou Komèt Zak Agresyon (Enkli Agresyon Sibè) Ak Vanjans.

Prospect Hill Academy Charter School entèdi pou moun komèt zak agresyon (enkli ak agresyon sibè) jan li dekri anlè a ke li nan lekòl lan oswa anba sikonstans swivan yo:

- nan lakou lekòl lan oswa nan nenpòt ki pwopriyete ki akote lakou lekòl lan;
- nan stasyon bis lan oswa sou bis lekòl lan oswa nan nenpòt lòt machinn lekòl lan;
- nan nenpòt ki aktivite, fonksyon oswa pwogram ke lekòl lan ta patwone oswa an relasyon ak lekòl lan;
- an sevan ak òdinatè lekòl lan, koneksyon entènèt oswa lòt teknoloji lekòl lan;
- nan yon lokal oawa pandan aktivite ki pa gen pou wè ak lekòl lan, oubyen sèvi ak yon òdinatè prive oswa telefòn selilè, si agresyon an ap kreye yon anviwonman ostil nan lekòl lan pou elèv k ap resevwa agresyon an, vyolasyon dwa elèv k ap resevwa agresyon an nan lekòl lan, osinon, boulvèse operasyon nòmal lekòl lan.

C. Kijan pou Rapote Agresyon.

Elèv ki panse ke yo sijè a zak agresyon, agresyon sibè, oswa vanjans, oubyen ke yo konnen ke gen elèv k ap komèt zak agresyon oswa zak agresyon sibè, fèt pou al jwenn Direktè oswa Asistan Direktè lekòl lan pou rapote sa. Epiou elèv yo ka rapote zak sa yo bay yon pwofesè, yon konseyè fòmasyon, oswa yon lòt anplwaye lekòl lan, epi yo menm yo pral rapote ensidan an bay Direktè a.

Anplisdesa, tout moun nan kominote an—elèv, pwofesè, paran/moun responsab, ak administratè—pral responsab pou fè administrasyon an konnen de nenpòt ki posiblite ensidan agresyon. Pou rezon sa, nou ka jwenn kopi “Fòm Rapote Ensidan Agresyon PHA” nan Biwo Prensipal chak lekòl epi ak sou sit entènèt lekòl lan.

D. Adrese Enkvyetid Regadan Agresyon.

Direktè a oubyen moun li chwazi an pral responsab pou mennen ankèt la oubyen abòde [rezoud] rapò konsenan agresyon, agresyon sibè ak vanjans. Elèv ki patisipe nan zak agresyon, agresyon sibè oubyen vanjans pral sijè ke Direktè a oswa Asistan Direktè a mete yon aksyon disiplinè knt yo, sijè a nenpòt ki kondisyon pwosedi. Nan pran desizyon disiplinè, Direktè/Asistan Direktè a oral konsidere nesosite pou pran responsabilite ak enpòtans pou ansenyen konpòtman ki apwopriye. Posibilite aksyon disiplinè yo ka pran enkli, men pa limite a:

- avètisman vèbal;
- avètisman a lekri;
- avètisman fòmèl;
- rate rekreyasyon;
- detansyon [opikè];



PROSPECT HILL ACADEMY
CHARTER SCHOOL

- sispanasyon a kou tèm oswa a lontèm; oubyen
- mete deyo de lekòl lan

Anplisde pran aksyon disiplinè, Direktè/Moun li chwazi an pral rapote konpòtman an relasyon a agresyon an, agresyon sibè a, oubyen vanjans lan a lajistis lokal si li panse ke yo ka pran demach akizasyon kriminel kont akize an.

Pa gen okenn bagay ki nan pwovizyon liv sa ki ekri pou anpeche ke anplwaye lekòl e/oswa komite lekòl lan (si li aplikab) adrese epi pran aksyon disiplinè kont yon elèv pou yon konpòtman ki pa ranpli kondisyon definisyon agresyon/agresyon sibè oubyen vanjans, jan li dekri anlè a, men ke li kanmenm pa apwopriye pou anviwonman lekòl lan.

E. Fèmen yon Plent Regadan Agresyon.

Si anplwaye lekòl lan ta deside ke gen yon zak agresyon, agresyon sibè oubyen vanjans (jan li dekri nan liv regleman sa) vreman fèt, direktè an oubyen moun li chwazi an pral, an plis de aksyon disiplinè an li pral:

- Notifye paran oswa moun responsab moun ki fè agresyon an.
- Enfòmè parant/moun responsab elèv ki sijè agresyon an sou demach yo pran pou anpeche ke zak agresyon yo, agresyon sibè oswa vanjans yo fèt ke lalwa pèmèt.
- Notifye lapolis, si li panse ke yo ka mennen moun ki komèt zak la devan lajistis.

Entansyon langaj ki anlè a se pou li menm ak Regleman Prospect Hill Academy pou Adrèsè Zak Agresyon, ke nou ka jwenn nan <http://www.prospecthillacademy.org>.